


NYC SOU BIZNIS



Re-louvri epi Rete Sennesóf nan Travay



Small Business
Services

Consumer and
Worker Protection

Health and
Mental Hygiene



Kisa Patwon yo Dwe

FÈ ANVAN OU RELOUVRI

- Al gade nan forward.ny.gov epi li tout direktiv Eta New York pou endistri ou an.
- Ranpli fòm afimasyon an nan forms.ny.gov/s3/ny-forward-affirmation
- Devlope yon plan sekirite (gen modèl disponib nan forward.ny.gov) epi afiche li nan travay ou kote anplwaye yo ka wè li.

Kisa Patwon yo Dwe Fè ak sa Travayè yo Dwe Atann Rive

LÈ BIZNIS YO RELOUVRI



Fè yon tès sante anplwaye chak jou. Travayè yo dwe rete lakay yo si yo malad oswa rantrè lakay yo si ou vin malad nan travay la.



Bay travayè yo pwoteksyon figi gratis epi bay yo ranplasman. Travayè yo dwe rete yon distans omwen 6 pye epi mete yon pwoteksyon figi oswa mask si yo yon distans mwens pase 6 pye ak lòt moun.



Kliyan yo dwe mete yon pwoteksyon figi nenpòt lè yo ka nan yon distans 6 pye oswa mwens ak yon lòt moun. Yon biznis ka gen règ pi sevè pou mete pwoteksyon figi, tankou refize sèvi moun ki pa gen pwoteksyon figi.



Mete estasyon ijyèn an plas pou pèsonèl yo epi toujou kite yo disponib, sa gen ladan lave men ak savon, dlo, ak sèvyèt papyè, ansanm ak dezenfektan abaz alkòl ki gen 60% oswa plis alkòl pou kote li pa fasil pou lave men.



Netwaye ekipman ak kote moun manyen souvan yo regilyèman.



Afiche pano epi mete tep oswa lòt endikatè pou montre ki kote pou moun yo kanpe.

Egzaminen TOUT direktiv espesifik konsènan endistri ou a nan forward.ny.gov.

Enfòmasyon yo ki nan dokiman sa a pa konplè - biznis ou ka gen lòt egzijans ki pa sou feyè yon (1) paj sa a.

Egzijans sa yo la pou pwoteje tout moun - patwon, travayè, kliyan - kont COVID-19.

Pou mizajou nan tan reyèl yo, al gade nan nyc.gov/coronavirus.

PATWON YO

Pou jwenn plis enfòmasyon, rele **888-SBS4NYC (727-4692)** oswa al gade nan nyc.gov/business.

TRAVAYÈ YO

Pou jwenn plis enfòmasyon, rele **311** epi mande Liy Pwoteksyon Travayè a oswa al gade nan nyc.gov/workers.